

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) kacindekan; (2) implikasi; sarta (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, ieu panalungtikan téh bisa dicindekkeun saperti di handap.

- 1) Kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél Artikulasi kagolong kana katégori can mampuh kalawan rata-rata peunteunna 61,66 tina *Kritéria Ketuntasan Minimal* (KKM) 78. Tina jumlah 36 siswa, aya 3 siswa nu meunang peunteun leuwih ti 78 atawa kagolong mampuh, sedengkeun 33 siswa séjénna meunang peunteun kurang ti 78 anu dianggap can mampuh. Éta kamampuh biantara téh dumasar kana sawatara aspék, di antarana nyaéta tina aspék ucapan, kaasup kana katégori “sedeng” kalawan rata-rata skorna 3,30 tina skor minimal 1 jeung skor maskimalna 5. Tina aspék lentong, kaasup kana katégori “kurang” kalawan rata-rata skorna 2,47. Tina aspék pasemon, kaasup kana katégori “sedeng” kalawan rata-rata skorna nyaéta 3,19. Tina aspék réngkak jeung peta, kaasup kana katégori “sedeng” kalawan rata-rata skorna nyaéta 3,30. Pamungkas, tina aspék sikep ka pamiarsa (*audience*), kaasup kana katégori “sedeng” kalawan rata-rata skorna nyaéta 3,11. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh biantara siswa saméméh ngagunakeun modél Artikulasi ditilik tina sawatara aspék téh kagolong kana katégori can mampuh.
- 2) Kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi kagolong kana katégori mampuh kalawan rata-rata peunteunna 83,55 tina *Kritéria Ketuntasan Minimal* (KKM) 78. Tina jumlah 36 siswa, aya 31 siswa nu meunang peunteun leuwih ti 78 atawa kagolong mampuh, sedengkeun 5 siswa séjénna meunang peunteun kurang ti 78 anu dianggap can mampuh. Éta kamampuh biantara téh dumasar kana sawatara aspék, di antarana nyaéta tina aspék ucapan, kaasup

kana katégori “hadé” kalawan rata-rata skorna ngaronjat jadi 4,58 tina skor minimal 1 jeung skor maksimalna 5. Tina aspék lentong, kaasup kana katégori “sedeng” kalawan rata-rata skorna ngaronjat jadi 3,94. Tina aspék pasemon, kaasup kana katégori “hadé” kalawan rata-rata skorna ngaronjat jadi 4. Tina aspék réngkak jeung peta, kaasup kana katégori “hadé” kalawan rata-rata skorna ngaronjat jadi 4,36. Pamungkas, tina aspék sikep ka pamiarsa (*audience*), kaasup kana katégori “hadé” kalawan rata-rata skorna ngaronjat jadi 4. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh biantara siswa sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi ditilik tina sawatara aspék téh ngaronjat jadi kagolong kana katégori mampuh.

- 3) Dumasar hasil panalungtikan, aya béda anu signifikan antara kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi. Bisa ditilik tina rata-rata peunteun *pre-test* nyaéta 61,66 anu ngaronjat dina *post-test* jadi 83,55. Pikeun validasi panalungtikan, unggal datana diuji ngagunakeun SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) vérsi 18, nyaéta nguji normalitas (*Shapiro-Wilk*) jeung uji hipotésis ngagunakeun *Statistic Parametric* kalawan uji *T-test*. Dumasar uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk*, nilai data *pre-test* nyaéta $0,076 > 0,05$ jeung nilai data *post-test* $0,116 > 0,05$. Hartina, H_1 ditolak jeung H_0 ditarima. Cindekna, hasil data di luhur miboga distribusi normal. Dumasar kana hasil uji statistik, nilai Sig. (2-tailed) nyaéta 0,000 anu hartina kurang ti 0,05. Ku kituna, H_a ditarima jeung H_0 ditolak. Bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi. Hartina, modél Artikulasi bisa ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023, atawa ieu modél téh cocog sarta éféktif dina pangajaran biantara.

5.2 Implikasi

Ku digunakeunna modél Artikulasi, siswa jadi leuwih wantér, kréatif, aktif, mandiri, sarta interaktif dina prosés pangajaran. Ieu modél bisa ngaronjatkeun

sumanget diajar para siswa sarta guruna, ieu modél ogé bisa mantuan guru pikeun ngungkulan pasualan anu aya dina pangajaran biantara. Larapna modél Artikulasi miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku para siswa. Nalika pangajaran, rata-rata siswa di SMA Negeri 15 Bandung saeutik anu ngagunakeun basa Sunda nu hadé, rata-rata siswana ngagunakeun basa Indonésia, antukna éta hal anu jadi salasahiji pasualan dina pangajaran biantara. Tapi, sanggeus digunakeunna modél Artikulasi kalawan ngabiasakeun siswa ngagunakeun basa Sunda anu hadé, antukna kamampuh biantara siswa ngaronjat. Ieu modél meunang tanggapan anu hadé boh ti siswa atawa ti guru. Ieu hal anu mangaruhan peunteun siswa jadi leuwih hadé sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi. Bisa dicindekkeun yén modél Artikulasi téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran biantara.

5.3 Rékomendasi

Dumasar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, modél Artikulasi téh cocog sarta éféktif dina pangajaran biantara. Ku kituna, aya sawatara rékomendasi sanggeus dilaksanakeunna ieu panalungtikan, rékomendasina saperti ieu di handap.

- 1) Modél Artikulasi bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran biantara, sabab kabuktian yén ieu modél téh cocog sarta éféktif digunakeun, ogé sangkan modél pangajaran anu digunakeun henteu *monoton*.
- 2) Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa leuwih ngamekarkeun jeung leuwih asak dina nataharkeun, ngararancang, jeung ngagunakeun modél Artikulasi nalika panalungtikan.
- 3) Sabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan anu ngagunakeun métode ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega sarta bukti anu leuwih akurat.
- 4) Ka hareupna, perlu diayakeun deui panalungtikan ngagunakeun modél Artikulasi dina pangajaran basa Sunda, sangkan hasilna bisa jadi référénsi sarta mangpaat pikeun balaréa.